



Desizyon

- ✍ Ursula Nafula
- ✎ Vusi Malindi
- ✉ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 🔊 Level 2






Kominote kote'm rete an gen anpil pwoblèm ... Nou blije kanpe nan yon liy byen long pou nou pran dlo nan yon gress tiyo.




Se lòt moun ki bannou manje.




Nou fèmen kay nou bonè paske nou pè vòlè.



Anpil timoun kite lekòl.





Ti jèn fi yo ap travay kòm sèvant nan lòt kominote.




Ti gason yo ap flannen nan kominote a pandan ke lòt ap travay nan jaden moun.

Lè gen van, papye fatra al koke sou pyebwa ak nan lantiraj yo.






Moun te konn blese ak vè kase ke lòt moun jete atè a.




Enpi yon jou tiyo an pat gen dlo ladan'l ankò. Tout bokit te vid.




Papa'm deside ale kay chak moun pou'l mande yo vini nan
reyinyon kap òganize nan kominote a.




Moun yo chita anba yon gwo pyebwa pou yo koute sa kap di.




Papa'm kanpe pou li di "Nou bezwen mete tèt nou ansanm pou nou jwenn solisyon nan pwoblèm nou yo."




Jima, yon ti gason wit lane ki te chita sou yon branch pyebwa di
“Mwen kapab ede nan netwaye.”



Yon fi leve pou'l di "Fi yo kapab ede nan fè jaden."



Yon gason leve pou'l di: "Gason yo kapab fouye yon pwi."



Nou tout di nan menm moman an “Nou dwe chanje lavi nou.”
Depi jou sa a nou mete tèt nou ansanm pou nou jwenn solisyon
nan pwoblèm nou yo.



Storybooks Haiti

global-asp.github.io/storybooks-haiti

Desizyon

Written by: Ursula Nafula

Illustrated by: Vusi Malindi

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook (africanstorybook.org) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons
[Attribution 4.0 International License](#).